*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№138 (26590)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 4 август – майрæмы мæйы 4 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 КУСÆГ БАЛЦ
*Сæйраг нысантæ сбæрæг кодтой*

3 АХУЫРАД
*«Цы у ирон æвзаг мæнæн?..»*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Футбол*

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
https://max.ru/id1504031916_gos

**«РОН-2026»**

## Æнхъæлмæ кæсдзыстæм ног фембæлдмæ

**Цæгат Ирыстоны цæрджытæ къорд боны дæргъы – 29 июлæй 2 августмæ уыдысты IV Æппæтуæрæсеон этнофестиваль «РОН-2026»-ы архайджытæ æмæ базонгæ сты Уæрæсейы адæмты материалон æмæ æнæматериалон объекттæ, сфæлдыстад æмæ адæмон культурæйы нырыккон хуызтимæ, федтой æрмдæсныты конд дзауматæ, уæлæдарæс, байхъуыстой алы адæмты музыкæмæ...**









Этнофестивалæн ис стыр ахадындзинад – æвдисы æмæ парахат кæны Уæрæсейы адæмыхæттыты национ традицитæ æмæ культурæйы хицæндзинæдтæ.

Уыцы бонты Сабырдзинады фæзмæ чи 'рбацыд, уыдонæн фадат уыдис æрмæст фенын нæ, фæлæ ма æрмдæсныты конд алыхуызон рæсугъд дзауматæ балхæнын дæр, æмæ бирæтæ уыцы гæнæнæй спайда кодтой.

Этнофестиваль «РОН-2026»-ы кæронбæттæны Дзæуджыхъæуы Сабырдзинады фæзы арæзт æрцыд гала-концерт. Концерты агъоммæ æрбацæуæг адæмæн фæзы сарæзтой мастер-кълас «Симд» кафынæй, стæй ма сын равдыстой 18 дизайнеры конд уæлæдарæсы этно-коллекцитæ Уæрæсейы аст регионæй.

Гала-концерты сценæйы кæрæдзийы ивтой ансамбльтæ «Лествица», «Солнце Алании», концертмæ кæсджытæ байхъуыстой хъуытазхъæлæс **Хъæбæлоты Руслан** æмæ **Хъесаты Викторияйы** зарджытæм. Дард Якутийæ ссæуæг уазæг **Олена Уутай** та адæмы дисы бафтыдта, хъуырæй зард кæй хонынц, уый руаджы, хомусыл цæгъдгæйæ, алыхуызон сырдты куыд фæзмыдта, уымæй. Хореограф Байты Альбинæйы номарæн кафт акодта йæ чызджы чызг **Альбина Тавадова.**

Фестиваль йæ куыст фæци, фæлæ нæ республикæйы цæрджытæн цы рæсугъд æнкъарæнтæ балæвар кодта, уыдон сæ бирæ рæстæг тавдзысты, æмæ та æнхъæлмæ кæсдзысты ног фембæлдмæ.

**ГАПБАТЫ Алетæ,**
**къамтæ systа Татьяна ШЕХОДАНОВА**



**Уынаффæ**

## Сергей Меняйлойы – дыккаг æмгъуыдмæ



**Политикон парти «Иугонд Уæрæсе»-йы Генералон совет Сергей Меняйлойы кандидатурæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæджы бынатмæ снысан кæныны уынаффæ официалон æгъдауæй сфидар кодта. Уый фæстæ уынаффæ æрвыст æрцыд Уæрæсейы Федерацийы Президент Владимир Путинмæ.**

**Сергей Меняйло республикæйæн разамынд дæтты 2021 азæй. Парти «Иугонд Уæрæсе»-йы Генералон советы уынаффæ у фыццаг къахдзæф дыккаг хатт æй уыцы бынаты сфидар кæныны уагæвæрды, кæронбæттæн уынаффæ та йын хъуамæ рахæсса бæстæйы Президент.**

**Арæзтад**

## Национ программæйы бындурыл

**Æрæфы районы æвæрд æрцыд 25 километрæй фылдæр ног доны хæтæлтæ. Специалисттæ ныридæгæн фесты фидæны донуатты бындурты аразæн куыстытæ æмæ амайынц къултæ. Уымæй уæлдай ма 400 метрæй фылдæр гæрæнтæ сæ бацæуæнты сæвæрдтой æмæ хъахъхъæнæн бынатæн йæ бындур бетонæй сарæзтой.**



Æхсæрысæр æмæ Цыколайы 'хсæн фæндаджы бын доны хæтæлтæ æвæрд æрцыдысты. Фæндаджы уæлцъар нæ фехалын къухы бафтыд, сæрмагонд куысты гæнæнтæй спайда кæнгæйæ. Хæстæгдæр рæстæг бавналдзысты, донæй æфсадæн фидæны системæмæ донуагъд кæцæй æрцæудзæн, уыцы гуырæн суадон Сæхолæ банывыл кæныны куыстытæм.

Республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло куыд фехъусын кодта, афтæмæй куыстытæ арæзт цæуынц национ программæ «Инфраструктурæ цардæн»-ы программæ «Коммуналон инфраструктурæйы модернизаци»-йы фæлгæты. Бындурон рацарæзты куыстытæ фæуыдзысты 2027 азы кæрон. Уый фадат ратдзæн республикæйы цæрджытæн донæй æнæкъуылымпытæй пайда кæнынæн.

**БУТАТЫ Азæмæт**

## Дзырды фарн

*Цæстуарзон адæймагмæ*
*хорзæй цы вæййы,*
*уый адæмæн – иумæйаг.*

*ÆМБИСОНД*

Хицауады æмбырд

# Зынгсирвæзтытæ хуымæтæджы не 'рцæуынц...

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО Хицауады радон æрвылкъуырион аппаратон æмбырды министрадтæ, ведомствæтæ æмæ районты разамонджытимæ ныхас кодта республикæйы цардимæ баст ахсджиаг фарстатыл.**

Республикæйы оперативон уавæры тыххæй радзырдта Хицауады Сæрдары хæдивæг **Икъаты Руслан**.

– Цæгат Ирыстоны æппæт сæрмагонд службæтæ дæр архайынц бæрзонд цæттæдзинады уавæры. Ивгъуыд къуырийы дæргъы ахуыссын кæнын бантыст 21 зынгсирвæзты. Хъыгдард æмæ дзы зиантæ ничи баййæфта. Республикæйы фæндæгтыл 27 июлæй 2 августмæ æрцыд 13 фæндаггон фыдбылызы. 20 адæймаджы дзы хъыгдард баййæфтой, æмæ сæ æвæстиатæй рынчындонмæ аластой. Иу адæймаг дзы фæмард. Арвыком æмæ Транскамы фæндæгтæ гом сты транспорты æппæт хуызтæн дæр.

Республикæйы Мидхъуыддæгты министрады хъусынгæнинагмæ гæсгæ, ивгъуыд къуырийы дæргъы регионы æрцыд 106 фыдракæнды, раргом кæнын дзы бантыст 63. Æбæрæг фыдгæнджытæ мидхъуыддæгты оргæнтæм дыууæ хатты æрбарвыстой мæнг хъусынгæнинæгтæ террористон актты тыххæй. Æххæстгонд цæуынц слестгæнæн мадзæлттæ.

«Роспотребнадзор»-ы цæгатирыстойнаг хайады хъусынгæнинагмæ гæсгæ, республикæйы эпидемиологон уавæр у нывыл. Цæстдард цæуы нуазыны доны хæрзхъæддзинадмæ. Ивгъуыд къуыри ног коронавирусон инфекци бæрæггонд не 'рцыд

Республикæмæ артаг цас æрбафты, уый æрвылбон дæр бæрæг кæны РЦИ-Аланийы Цæрæнуатон-коммуналон, артаг æмæ энергетикæйы министрад. Куыд фехъусын кодтой, афтæмæй нырыдæгæн республикæйы ис 2060 тоннæйы бензин æмæ 2023 тоннæйы дизелон артаг.



Фæндагыл ма ис 1365 тоннæйы бензин æмæ 2093 тоннæйы дизелон артаг.

Сергей Меняйло ведомствæйы разамонæг **Хъараты Тимурæн** бафæдзæхста цæст дарын, «Газпром», «Роснефть» æмæ «Лукойл»-мæ артаг фаг куыд хæццæ кæна æмæ æргътыл куыд нæ бафта, уый. Дарддæр Хъараты Тимур куыд фехъусын кодта, уымæ гæсгæ зымæджы хъармгæнæн афонмæ куыстытæн æххæстгонд æрцыд сæ 67 проценты.

Республикæйы ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæйы** хъусынгæнинагмæ гæсгæ, æппæт цалцæггæнæн куыстытæ скъолаты кæронмæ фæхæццæ кæнынц. 17 августмæ æппæт ахуырадон уагдæттæ дæр цæттæ уыдзысты ног ахуыры азмæ, бындурон цалцæг кæм цæуы, уыдонæй фæстæмæ.

Сергей Меняйло районты сæргълæуудджытæ æмæ профилон ведомствæты разамонджытæн бахæс кодта, скъолаты тæвд хæринаджы фарста куыд лыггонд цæуы, уымæ фылдæр æргом аздахын.

– Районты скъолаты конкурстæ рамбулынц хицæн амалхъомтæ. Афтæмæй хæринаджы хъуыддаг иууылдæр хауы скъолатæн хæринаг кæныны республикон комбинатмæ. «Россельхознадзор», Ахуырад æмæ наукæйы æмæ Мидхъуыддæгты министрадтæ хъуамæ сбæрæг кæной æппæт уыцы хъуыддæгтæ, – загъта республикæйы Сæргълæууæг.

Алыбегты Эллæ ма фехъусын кодта, федералон проект «Профессионалитет»-ы бындурыл Цæгат Ирыстоны 13 колледжы æмæ æмдзæрæны бындуронæй цалцæггонд кæй æрцæудзысты, уый.

– Ацы аз уал куыстытæ цæуынц æхсæз объекты. Ноджы ма республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы фæдзæхстмæ гæсгæ Цæгат Ирыстоны парахатдæр кæны астæуккаг профессионалон ахуырад. Бафтыд бюджетон бынæтты нымæцыл, байгом ног хъæугæ дæсныйæдтæ, арæзт цæуынц нырыккон ахуырадон кластертæ æмæ æнгомдæр кæнынц колледжтæ æмæ, рауагъдонтæн куысты бынæттæ чи дæтты, уыцы куыстуæтты 'хсæн бастдзинæдтæ. Нырыккон ахуырадон корпустæ æмæ æмдзæрæнтæ хорз ахъаз фæуыдзысты, бæрзонд цæттæдзинад кæмæ ис, ахæм специалисттæ цæттæ кæнынæн, – фæбæрæг кодта Алыбегты Эллæ.

Сергей Меняйлойы фæндонмæ гæсгæ, Адæмæн куысты бынæттæ дæттæг комитет хаст æрцæудзæн республикæйы Социалон фæллойы министрадмæ.

Æмбырды ныхас цыд æндæр ахсджиаг фарстатыл дæр.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

Кусæг балц

# Сæйраг нысантæ сбæрæг кодтой

**Ивгъуыд къуырийы РЦИ-Аланийы Архивон службæйы разамонæг ХАЙМАНТЫ Барис кусæг балцы уыдис Æрæфы районы. Балцы рæстæг районы бынæттон хиуынаффæйады æмæ Лескены бынæттон администрациты фембæлд граждæнтимæ.**

Архивон службæйы разамонæгмæ æрбацыд аст адæймаджы, æмæ дзы алкæмæн дæр сæ мыггаджы равзæрд, биографион бæрæггæнæнтæ сбæлвырд кæныны тыххæй æмæ тематикон архивон фарстытæн лæмбынæг дзуаппытæ лæвæрд æрцыд.

Уый фæстæ Хайманты Барис фембæлд Æрæфы районы сæргълæууæджы хæстæ æххæстгæнæг **Махъоты Сосланимæ** æмæ Лескены хъæуы сæргълæууæг **Бетрозты Вячеславимæ**. Ныхас цыди муниципалон архивтæн ног фондтæ аразыны ахсджиаг фарстатыл, уæлдай æргом аздæхтой сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты документты æмбырдгæндтæ саразынмæ, стæй, уыцы куысты цы къуылымпыдзинæдтæ сæвзæры, уыдон аиуарс кæныны мадзæлттæ ссарынмæ.

Хайманты Барис муниципалон архивы хицау **Дзансохты Зинаидæимæ** бабæрæг кодта ведомствæйы архивæфснайæн, æркаст куысты уавæрмæ. Специалисттæ кусджытæн бацамыдтой, гæххæттыл фыст документтæ куыд хуыздæр бахъахъхъæнын æмбæлы, агъуысты рухсы уавæр цавæр хъуамæ уа æмæ афтæ дарддæр.

Æмткæй райсгæйæ, сбæлвырд кодтой муниципалон Архивы службæйы æвæрццæг куысты уаг, уый та – районы администраци йын иудадзыг кæй æххуыс кæны, уый руаджы. Уымæй уæлдай ма 2027 азы пъланы архивон службæйы сæйраг нысантæ бæрæггонд æрцыдысты.

Кусæг балцы кæронбæттæны делегацийы уæнгтæ æркастысты Лескены хъæуы социалон æмæ культурон объекттæм – бабæрæг кодтой нырыккон модулон чиныгдон, скъола æмæ арвы бын алæмæты хи музей.

Хайманты Барис Æрæфы районы администраци æмæ Лескены хъæууон скъолайæн балæвар кодта, РЦИ-Аланийы Архивон службæ Цытджын Уæлахизы 81 азы бонмæ кæй рауагъта, уыцы æмбырдгонд «Уæлахизы фыстæджытæ».

**ГАПБАТЫ Алетæ**

Майрæмададжы юбилей

# Цæр, мæ райгуырæн хъæубæстæ!

**Официалон бæрæггæнæнтæм гæсгæ, «Майрæм-Ададжы» къазнайы фæзы фыццаг æрцæрджытæ иугай бинонтæ уыдысты. Алы рæтты фæзынд фыццаг хæдзæрттæ йæ фæзуатыл. Уыцы рæстæг хъæууаты бынаты уыд хъæд, йæ хъару кæмæн куыд уыд, афтæ йæ сыгъдæггæнгæ цыдысты, бæлæстæй уæгъд кодтой цæхæрадæттæ æмæ хизæнуæттæн бынат, ногæй-иу чи æрбалыгъд, уыдон. Фæстæдæр, 1909 азмæ дзы æрцард 78 хæдзары. Облæстон хицауад æмæ Облæстон зæхбарджытæ сæ алкæмæн дæр радих кодтой 3,5 дæсæтины зæхх. Йæ фыццаг æрцæрджытæ та уыдысты Базратæ æмæ Царахатæ. Хæдзæртты нымæц фылдæргæнгæ цыд, æмæ дзы 1911 азмæ хъæу рауад, рахуыдтой къазнайы фæзы номæй — Майрæмадаг.**

Уæдæй рацыд 115 азы, хъæу райрæзт. Ныр дзы нымадæй ис 550 хæдзары, йæ цæрджыты нымæц минæй уæлæмæ у. Уыдонмæ ма бафтау, сæрдыгон дзы чи цæры, стæй дзы дачæтæ чи скодта, уыдон дæр чысыл не сты. Ивгъуыд æнусы нæуæдзæм азты Майрæмададжы фарсмæ зæххытæ байуæрстой Гуырдзыстоны мидрайонтæ æмæ Хуссар Ирыстонæй лыгъд адæмыл. Царды амæлттæ кодтой, фæрæзтæ ссардтой, æмæ хъæу зынгæ райрæзт. **Битарты Роберт** нырма æрыгон лæппу у, рæхджы уыдзæн афæдз, администрацийы сæргълæууæгæй йæ куы сæвзæрстой хъæубæстæ, ууыл. Раздæр æй, зæгъы, нæ хатыдтон, цас бæрнондзинад ис ацы бынаты, уый. Адæм æмæ хицаудзинады 'хсæн, иуæй, бæрнон у, иннæмæй – уæззау хæс ис æвæрд адæймагыл:

– Бирæ фарстатыл хъæуы нырма бакусын. Цæрджыты уавæртæ фенцондæр сты, машинæ-иу уаргæ бон хъæумæ нæ цыд, йæ уынгтæ – цъыф, æмæ дзы хæдтулгæйыл ахизæн нæ уыд. Ныр хъуыддаг аивта. Фæндæгты уавæр, доны фарста лыггонд æрцыдысты, æрдзон газ æмæ электрон тых хъæумæ æнæкъуылымпыйæ лæвæрд цæуынц. Раздæр дзы нуазыны дон æмæ æрдзон газ нæ фаг кодтой. Фарон нæм æрбауагътой Интернет. Бындуронæй сцалцæг кодтой бынæттон скъолайы агъуыст, йæ директор Плиты Заремæ мæм арæх æрбадзуры, фæкæс-ма мæм, зæгъгæ. Йæ ахастæй дæр бæрæг у, йæ куыстыл кæй тыхсы, уый. Кълæсты ахуырдзаутæ бирæ нæй, иуæй – демографион уавæр ныллæг у, иннæмæй – бирæтæ сæ сывæллæтты горæтмæ ласынц ахуыр кæнынмæ, афтæмæй та Майрæмададжы скъолайы хорз уавæртæ ис. Фарстон бынæттон рæвдауæндоны сæргълæууæг Плиты Жаннæйы, цал сывæллоны райсдзыстут ацы аз, зæгъгæ. Куыд рабæрæг, афтæмæй уыдзысты 27 сабийы, рæвдауæндоны та ис æртæ къорды. Æххуыс сæ куы бахъæуы, уæд амалгæнæнæй сæ фарсмæ балæууын, – зæгъы хъæуы хицау.

Майрæмададжы амбулаторийы дохтыр **Чекойты Фатимæйы** чи нæ зоны хъæубæсты, ахæм адæймаг стæм разындзæн. Фатимæ йæхæдæг дæр зоны, тыхсы алкæуыл дæр стырæй-чысылæй. Кусы, куыд хион, афтæ. Горæтæй цæуы уал азы, зивæг дæр нæ кæны, бæрнондзинад æм бæрзонд æмвæзадыл æвæрд у. Амбулаторийы рынчынæн фыццаг æххуыс бакæнынæн ис алцы дæр, куы бахъæуы, уæд та Алагиры рынчындонмæ дзæбæх кæнынмæ арвиты. Раппæлинаг не сты бынæттон клуб æмæ администрацийы агъуыстыты уавæр. Бынæттон клубы куыстмæ фау æрхæссæн нæй, архайынц дзы хихъæппæрисадон къордтæ. Уый хыгъд йæ агъуысты уавæр у æдзæллаг. Ныййарджыты куы бафæрсы Битары-фырт, дæ сывæллоны кафджытæм цæуылнæ уадзыс, уæд сæ дзуапп вæййы, тæрсгæ кæнын, йæ къултæ куы ныккæлой, уымæй, зæгъгæ. Уый, гæдыныхас нæу. Роберт нын куыд бамбарын кодта, афтæмæй ног клубы арæзтадæн зæххы хай радих кодтой, проект дæр ын ис конд, фæлæ уавæртæ нырма нæ амонынц йæ арæзтадмæ бавналын. Кæд райдайдзæн, уый зын зæгъæн у.



Йæхи агъуыст нæй бынæттон администрацийæн дæр. Рæстæгмæ сæ хæстæ æххæст кæнынц библиотекæйы агъуысты, рухс æмæ хъармгæнæнтæ кæм нæй, уыцы зæронд бæстыхайы. Бæлвырд аххосæгтæм гæсгæ суæгъд кæнын бахъуыд, цы агъуысты уыдысты, уый. Фарстамæ каст цæуы тæрхондоны, æмæ зæрдæ дарынц, фæззæгмæ хъуыддаг лыггонд кæй æрцæудзæн, ууыл. Библиотекæйы агъуыст кæд зæронд у, уæддæр æм йæ сæргълæууæг **Джериаты Светланæ** базилы, чъырæй йæ рацæгъды, сахоры рудзгуытæ, дуæрттæ æмæ пъолтæ сæрды мæйты улæфæн рæстæджы, цæмæй хъæуы цæрджытæ сыгъдæг уаты исой æмæ кæсой чингуытæ.

– Цæмæй чиныгмæ баирвæзон æмæ сæ кæсынæй бафсæдон, уымæн æрбацыдтæн ардæм кусынмæ. Хæдзары мын нæ уыд уыцы фадат, нæ мад Битарты Езетхан нæ сидзæрæй схаста. Дыууын фондз азы йыл цыд, æртæ сывæллоны 'вджид куы баззад, уæд. Æхсæвыгæтты-иу мæйрухсмæ кастæн чингуытæ. Мæ бæллиц сæххæст, библиотекæйы куыстыл фæцалх дæн, – зæгъы Светланæ. Библиотекæйы сæргълæууæг скъолайы директор æмæ кълæсы разамонæг **Кортиаты Альбинæимæ** иумæйагæй кусынц рæзгæ фæлтæры патриотон хъомыладыл астæуккаг ахуыргæнæндоны, рæвдауæндоны æмæ клубы. Йæ хъæппæрисæй библиотекæйы музейы скодта, Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ Майрæмадагæй чи ацыд, уыдоны, стæй, сæрмагонд æфсæддон операцийы чи архайы, уыдоны номыл стендтæ.





– Операци куы райдыдта, уæд бацыдтæн администрацимæ, райстон, нæ хъæуæй дзы чи архайы, уыдоны номхыгъд. Хæст фæуыдзæн, фæлæ йæ архайджыты нæмттæ хъуамæ рох ма уой. Фæлæ сæм, æфсæддон комиссарадæй кæй арвыстой, уыдоны номхыгъд уыд æрмæст. Афтæмæй мæхæдæг райдыдтон хæстонты тыххæй æрмæг æмбырд кæнын. Адæм мæм фæкастысты, скодтой къамтæ, ничи мын дзы загъта «нæ», ууыл кусгæйæ. Фæндзай фондз лæппуйы сты. Æрæджы фехъуыстон, Базраты лæппу дæр кæй ацыд, уый тыххæй. Стыр хъыгагæн, нæ лæппутæй фондзæй фæмард сты, æртæйæ нымад цæуынц æбæрæгæй сæфтыл,– зæгъы хæстонты номыл стенд саразæг. Скæнынц, операцийæ рæстæгмæ ссæуæг хæстонтимæ фембæлдтытæ, сæ номыл изæртæ бынæттон скъола æмæ клубы, æндæр хъомыладон мадзæлттæ.

– Ис нæм «Æфсæддон намыс»-ы музей. Æфсæддон-денджызон флоты бон, дыууын æхсæзæм июлы музеймæ æрцæуы республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло, фæархайы бæрæгбоны мадзæлтты. Патриотон хъомыладмæ цы цæстæнгас дарынц, уый бæрæг у хъæуы администрацийы сæргълæууæджы ныхæстæй дæр. Цæмæй æмæ куыд цæрынц хъæуы цæрджытæ 115 азы фæстæ? Дарынц фос, йæ бон кæмæн цас у, уый бæрц. Кæнынц алыхуызон куыст, ис сæм фермертæ, арендатортæ. Раст зæгъгæйæ, сæ нымæц фæкъаддæр, хъаст кæнынц, боныхъæд сæ кусын кæй нæ уадзы, уымæй. Фарон хус рæстæг хаста, ныр быдыртæ дон ласы. Ис нæм, æхсæры куыст чи кæны, ахæмтæ дæр. Цалдæр азы фæстæ сæм тыллæг раттынмæ æнхъæлмæ кæсынц. Нæ быдыртæ схъæд сты, фос дзы хызтысты раздæр. Ныр фос фæкъаддæр сты, æмæ йыл нал тых кæнынц. Афæлвæрдтам йе ссыгъдæг кæныныл, фæлæ æнæ техникæ уый нæ къуххы нæ бафтыд. Уæд æхца æрæмбырд кодтам, техникæ баххуырстам æмæ зиу ракодтам. Телефонæй бадзырдтон нæ хъæуккаг амалхъом адæймаг **Дзеранты Сосланмæ**, фæкæс-ма мæм, зæгъгæ. Алуæрст мын æрбарвыста æмæ дзы хъæуы уынгтæм базылдыстæм. Арæх мæм æрбадзурынц Сосланы хуызæттæ, сæ фæрцы мæм ныфс фæзыны, саразинаг хъуыддæгтыл кæй бакусдзыстæм, уымæй,– зæгъы Роберт.

Майрæмадагæн ацы аз юбилейон у. Цардхъом, бонзонгæ, сæ райгуырæн хъæуыл æнувыд чи у, ахæм куыстуарзаг адæм дзы цæры абоны онг. Йæ сомбон рæсугъддæр æмæ амондджындæр кæй уыдзæн, ууыл æууæндгæйæ, аразынц сæ цард, хæссынц сывæллæттæ, сæ ныфс нæ сæтты.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ, авторы ист къамтæ**

Ахуырад

# «Цы у ирон æвзаг мæнæн?..»

**«Æхсызгон мын вæййы, сывæллæттæ цингæнгæйæ куы фæзæгъынц, нæ уарзон предмет – ирон æвзаджы урок нæм ис ныр, уæд уый. Канд мæхи тыххæй мын нæ вæййы æхсызгон, иннæ ахуыргæнджыты тыххæй дæр», – зæгъы, мадæлон æвзаджы ахуыргæнæгæй 40 азы чи кусы, уыцы хæрзуд, сыгъдæгзæрдæ хъомылгæнæг ХОЗИТЫ Чермены чызг Эльвирæ – Уæрæсейы ахуырады сгуыхт кусæг, Колыты Аксойы номыл премийы лауреат.**



Хетæгкаты Къостайы номыл университеты филологон факультеты 4-æм курсы ма куы ахуыр кодта, уæд бацыд скъоламæ кусынмæ. Дзæуджыхъæуы 3-æм, фæстæдæр – горæты 2-æм скъолайы лæвæрдта ирон æвзаг æмæ литературæйы урочытæ. Фæлтæрдджын ахуыргæнæджы йæ фæллойадон фæндаг акодта Цæгат Ирыстоны Ахуыргæнджыты зонындзинæдтæ уæлдæргæнæн институтмæ, 28 азы дзы æнæзæрдæхудтæй бакуыста кабинеты сæргълæууæгæй, стæй та – методистæй. Йæ зонындзинæдтæ 'нæвгъауæй парахат кодта Ирыстоны мадæлон æвзаджы ахуыргæнджытыл. Уыцы иу рæстæг кодта æмæ ныр дæр кæны ахуыргæнæджы куыст Дзæуджыхъæуы 27-æм скъолайы. Сæрыстыр у йæ уарзон ахуыргæнæндонæй, йæ разамонджытæй – Джимиты Хаджумары чызг Галинæ æмæ Къадзаты Алыксандры чызг Людмилæйæ, мадæлон æвзаджы ахуыргæнджытæй. Æнувыдæй архайынц, æмæ сын æнтысгæ дæр кæны.

– Нæ уынын мæ цард æнæ мадæлон æвзаг. Гыццылæй нырмæ бирæ уарзын ирон ныхас, литературæ, ирон адæмон дзургæ сфæлдыстад. Раззаг партæйыл бадтæн æдзух, нæ ахуыргæнæг Дзапарты Мария домаг уыд, уый нын бауарзын кодта не 'взаг. Хистæр кълæсты та – Хъойбайты Владимиры чызг Зоря, иттæг хорз зоны ирон æвзаг æмæ литературæ. Нæ фыдымад Бирæгъты Елиса, мæ ныййарджытæ – мæ фыд Чермен æмæ мæ мад Таугазты Азæ сæ кæстæртимæ æдзух иронау дзырдтой, ахуыр нæ кодтой æгъдауыл. Мæ хистæр æфсымæр Эрик дæр ирон филологийы факультет каст фæцис, акуыста Кæрдзыны скъолайы ахуыргæнæгæй, уый фæстæ – нæ райгуырæн Рассветы скъолайы.

Мæ амонд кæм ссардтон, уыцы бинонты 'хсæн дæр æвзаг, æгъдау, ирондзинад бæрзонд æвæрд уыдысты æмæ сты. Мæ хицау Дмитрий – афицер, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветеран, хæцыд белоруссаг партизанты рæнхъыты, бирæ хæрзиуджытæй хорзæхджын æрцыд. Æгæрон бирæ уарзта мадæлон æвзаг æмæ нæ ирондзинад. Арæх-иу дзырдта, бирæ не стæм æмæ кæрæдзиуыл хъуамæ хæцæм, бинонты 'хсæн дзурæм иронау, уый та хистæртæй цæуы, йæ рæсугъддзинад, куыд хъæздыг у, уый. Абон сывæллæттимæ кусынц ног федералон ахуырадон стандартты домæнтæм гæсгæ, традицион методикæйыл æнцойгæнгæйæ. Уроктæ мидисджын, хъуыдыджын, алыхуызон æрмæгæй хъæздыг хъуамæ уой:

– Раздæр дæр традицион урок кодтам къæпхæнгай, ныр æй хонынц мотивацион уавæр. Скъоладзау зыдта, урок куыд цæудзæн, уый. Ныр та ма хъуамæ зона, цæмæй райдайдзæн æмæ куыд фæуыдзæн, уый. Уымæ гæсгæ алы урочы дæр хъуамæ уа мотивацион хай, архайын хъæуы, цæмæй дзы ахуырдзаутæ зонгæ кæной нæ историимæ, хъуыстгонд адæймæгтимæ, адæмон сфæлдыстадимæ. Стæй сындæггай рахизын ног æрмæгмæ, зонындзинæдтæ ныффидар кæнынмæ. Ирон зарджытæ, уыци-уыцитæ, тематикон урочытæ, цæстуынгæ æрмæг – æппæт уыдæттæй пайда кæнын хъæуы урочыты, – амоны фæлтæрдджын хъомылгæнæг.

Нырыккон ирон æвзаджы ахуыргæнæг цавæр хъуамæ уа? Эльвирæйы хъуыдымæ гæсгæ, уарза сывæллæтты, йæ мадæлон æвзаг, литературæ, нæ историйы тыххæй æрмæджытæ кæса æмæ сæ сывæллæттæн уарзын кæна. Хус урочытæ нæ, фæлæ уæлæмхасæн æрмæгæй дæр пайда кæна, уый та бирæ ис интернеты тыгъдады. Ахсджиаг у фæсурочыты куыст, сывæллоны миддуне тынгдæр райхæлы. Йæ хъомылгæнинæгтæ æнувыдæй фæархайынц скъолайы, республикон предметон олимпиадæты, конкурсты, фестивальты æмæ дзы раззагдæр бынæттæ бацахсынц. Скъоладзаутæ, уæлдайдæр кæстæртæ, арæх фæвæййынц кæрæдзимæ, мæн дæр фæнды æмдзæвгæ радзурын, зæгъгæ. Уыдæттыл та кусын хъæуы, фæлæ бинонтæ сты сæйрагдæр æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаджы: скъола, ахуыргæнæг, скъоладзау. Ацы æрттигъ нырма ничи аивта, кусын ыл хъæуы ныхасæй нæ, фæлæ хъуыддагæй. Ныййарджытæ, бæргæ, сывæллæттимæ фылдæр куы кæсиккой чингуытæ, газеттæ æмæ журналтæ ирон æвзагыл. Сывæллон цыфæнды размæдзыд куы уа, уæддæр йæ мадæлон æвзаг хъуамæ зона. Науæд не 'мбардзæн, æцæг ирон кæй у, уый. Нæ риутæ хойæм, аланты байзæддæгтæ стæм, зæгъгæ. Ныхæстæй йæ нæ хъæуы кæнын, фæлæ бацархайæм, Къостайы загъдау, кæрæдзийы бауарзæм, ирон адæм!

– Ныр уавæр бирæ хуыздæр у, æркастытæ, конкурстæ сбирæ сты, фæлæ ма бирæ ис æркæсинаг фарстатæ дæр. Уый мæнæй аразгæ нæу, фæлæ скъолайы фæстæ, ахуырмæ цæугæйæ, абитуриенттимæ куы скæниккой ирон æвзагыл ныхас, уæд уый рауагъдонты мадæлон æвзаг ахуыр кæнынмæ разæнгард кæнид. Хорз нæу, мадæлон æвзаджы фæлварæн кæй айстой, уый дæр. Архайд иумæйаг хъуамæ уа, – ахæм у йæ хъуыды Эльвирæйæн. Йæ царды нысан у мадæлон æвзагæн лæггад кæнын, йæ сæууон стъалыйы рухс ын сабиты зæрдæтæм уадзын, йæ сыгъдæг суадонæй сын нуазын кæнын, цæмæй, куы бахъомыл уой, уæд уыцы стыр хæзна цыкурайы фæрдыгау хъахъхъæной æмæ йæ дарддæр æрдхæрæны лæварау адæттой. Ахуыргæнæджы сæйраг хæс – сывæллонæй хорз адæймаг схъомыл кæнын. Ирон зæххыл ахсджиагдæр æмæ зынаргъдæр цы сты, уыдон – ирон æгъдау, æфсарм, лæгдзинад æмæ намысæй цæмæй хайджын уой кæддæриддæр. Ацы хъуыдыйæ Эльвирæмæ равзæрд цыппаррæнхъон:



зæгъгæ. Скъолайы историйы ахуыргæнæгæй дзæвгар фæкуыста Тарскæйы скъолайы. Филологон факультет каст фæуыны фæстæ уым уырыссаг æвзаджы ахуыргæнæгæй бакуыста мæ ходыгъд Хуыбиаты Фатимæ дæр, нымад уыд хорз ахуыргæнæгыл. Нæ бинонты кæстæр чындз Мзокты Лянæ дæр ацы факультет каст фæцис, у педагогон наукæты кандидат, кусы ЦИПУ-йы, студенттæн кæсы лекцитæ ирон æвзаг æмæ литературæйы методикæйæ, – дзуры нын Эльвирæ.

Йæ рæстæджы Ирыстоны разагъды лæг Колыты Аксо загъта: «Ахуыргонд мад – ахуыргонд сывæллæттæ – ахуыргонд æхсæнад». Рассветы фарастазон скъолайы сæ фыццаг ахуыргæнæг Рæмонаты Зæирæ уыд. Ахуыр сæ кодта, цæмæй зæрдиагæй бауарзой ирон аив дзырд, банкъарой йын

**Цы у ирон æвзаг мæнæн,**
**Сæууон хурау рæвдауы мæн,**
**Нæй рох кæнæн нæ фыдæлты хæзнатæн,**
**Æмæ йыл стырзæрдæ ды ма кæн!**

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

Цæстæнгас

# Йæ гуырæнмæ хæстæг сыгъдæгдæр у дон

**Зæнæг, дам, дидинджытæ сты, зæнæджы зæнæг та – дидинæгдон. Зæнæджы зæнæг, дам, зæнджымагъз у. Уыцы æмбисæндтæ нæ фыдæлты куырыхондзинадæй рацыдысты, сæ царды фæлтæрддзинадæй. Уыдон царды дарддæрдзу хуыдтой сæ кæстæрты хорздзинад, сæ ныфс, сæ хурæскаст, сæ цард, сæ бон, æппынфæстаг, сæ ныгæнджытæ уыдон кæй сты, уый.**

Хистæрæн, дам, йæ фындз амæрз æмæ йæ зондæй бафæрс. Зæронд гал ауæдз нæ халы. Уый та, æвæццæгæн, кæстæртæ бафиппайдтой, уымæн æмæ зыдтой, æнæ хистæры зонд уынаффæ, царды фæлтæрддзинад уыдонæн дæр зын кæй уыдзæн. Уыдис фидар фæтк æмæ æгъдау, æмæ сæ уый кæрæдзимæ æлвæста, баста сæ кæрæдзиуыл.

Рухсаг уæнт мæ фыдыфыд Бола æмæ мæ фыдымад Мелес. Мад æмæ фыдæн дзы æмбал нæй, фæлæ мах, кæстæрты, уыдонмæ цыдæр кæлæнгæнæг тых æлвæста. Зымæгон даргъ æхсæв-иу цырагъ æрхуыссын кодтам. Дурын пецы цур-иу, карчы цъиутау, сæ алыварс æрæмбырд стæм æмæ-иу сын хъуыстам сæ аргъæуттæм, сæ таурæгътæм. Пецы дзулфыцæны-иу картофтæ бакалдтам, æмæ-иу цасдæр рæстæджы фæстæ хъуыст сæ цъыззытт, кæнæ-иу уæлкъæйыл картофы кæрдихтæ абурачъи кодтам. Хордтам æмæ хъуыстам. Уыдысты нын адджын сæ хойраг дæр æмæ сæ таурæгътæ дæр. Бирæ сын уарзтам сæхи дæр, сæ комыкомдзæгтæй нæ хастой, мах цæрайæ цардысты, сæ дæлфæдтæм хуысгæйæ схъомыл стæм.

Рухсаг уæнт нæ сыхы иннæ зæрæдтæ: Дзаттиаты Естъа æмæ Верычкæ, Плиты Гатъо, Абайты Марта, Саулохты Аминæт æмæ Андро, Мæхъиты Гæкко, Болататы Бабуци, Дзаттиаты Федыр æмæ Нагъуæ, Дзаттиаты Сандро æмæ Уæлычкæ, Саулохты Агор æмæ Уæлгъа, Саулохты Гаджи, Мæхъиты Еки æмæ Аникъо, Саулохты Инус... Уый, æз кæй æрæййæфтон, уыдон – Нартысыхы куырыхон хистæртæ, нæ фидауц, нæ кæстæртæн зондамонæг æмæ сын уыдон дæр – аргъгæнæг. Кæрæдзийы цæрайæ цардыстут уæ кæстæртимæ, уæ сыхбæстимæ, æнæ сымах сæ хъуыры къæбæр дæр нæ хызти. Тынг фæсидзæрхуыз уæ фæстæ нæ сых дæр. Рухсаг ут, мæрдты сыгъзæрин талатæ суадзут!

Нæ сыхы зæрæдтæ! Тæхуды, сымахау дзырдарæхст, дзыхыдзуапджын чи у, дзырдамонд кæй фæци, сымахау. Æз уемæ цы ацардтæн, уый мæрдты дæр мемæ уæд æмæ уæлæуыл дæр. Мæ дзыхæй-иу уæм хъуыстон, сымах та-иу уæ дзыхтæй сыгъзæринтæ калдтат, сыгъзæринтæ. Æндзыг-иу мыл, цыма, бахæцыд, ме 'взаг цыма, аныхъуырдтон, æрмæстиу мæ зæрдæ йæхи риуыкъултыл хоста фесхъиуынæввонг.

Мæхи дзæбæх зæрæдтæ Бола æмæ Мелес, ныббарут мын, æгæр-иу уæ кæй тыхсын кодтон зымæгон калак æхсæвты, уæ дæлфæдтæм абыргæйæ, уæ фæллад цæстытæ уын æрцъынд кæнын кæй нæ уагътон, исты таурæгъ та мын ракæнут, зæгъгæ. О, куыд комдзог-иу мыл рацыдта, хуыссæг! Сæ разæй-иу мæ бафынæй кодтай æмæ-иу мæ кæронмæ байхъусын нæ бауагътай.

О, куыд хуымæтæг, куыд зæрдæджынæй фæцардыстут, мæ дзæбæх зæрæдтæ, цыма дыргъафон зынгæ дæр нæ кодта уæ дыргъ. Фæлæ кæсæн куы асæтты, уæд разыны. Ныр ма уæ æрæгвæззæджы дыргъбæлæстау ныууигъын. Агурын ма уыл иугай фæткъуытæ. О, куыд адджын мын у се 'мбыд дæр, куыд адджын у. Уæхи загъдау, сæрд, дам, дæ къахфындзæй цы



бакъуырай, уый зымæг де рагъмæ æрбахиздзæн. Кæрдæгафон нæ фесмуды фароны хосмæ фос, фæлæ йæ зымæджы та мыды хæрд кæны. Кæд уæ фарны ныхасмæ хъусын нæ зыдтон? Фарны дзурæгæн та фарны хъусæг хъæуы!

Ныр фæаууон стут фæлтæхæг мæргъты халау. Кæны ма уæ базырты змæлд мæ цæстытыл хъыдзыхъыдзы. Кæд уæ халыл фæхæст дæн, уæ фарны ныхасы халыл æмæ йæ скъуынын нæ уадзын? Æмæ кæуылты уыдис уæ фарн! Цыхт-иу куы ахстай, гыцци, æмæ-иу сивыры хуынкъæй йæ сылы бынмæ куы мызт, уæд-иу мын афтæ æхсызгон уыд, цыма, мæ зæрдæйыл тад хъарм царв тагъд. Мæхи-иу дæм бакъултæ кодтон, бадардтон-иу дæм мæ арм, дзыкки мын авæр, зæгъгæ, æмæ-иу мын мæ армыдзыхъхъы æрдæгинджын цыхт æрæвæрдтай, гъа, дæ нывонд фæуон, зæгъгæ. Чысыл ма-иу ыл цæхх айзæрстон æмæ...

Ныр уалдзæг мит куы фæтайы, уæд мæм инджыны хуызæн фæкæсы, цыма, дæ инджынæн йæ сылы фæмизы. Мæ цæстытыл уайынц. Зад бафтыдтай, ныннорстам æй бæгæныуадзæн джезæйы. Абæрæгабæрæг æй кæныс. Иуафон сцин кодтай, мæ зад радзых кодта, зæгъгæ, ома йæ билцъ рацæуы. Ногæй та йæ банорстай. Рæстæг рацыд æмæ йæ билцъ гуыдыны хуызæн разад, сцæхæр калдта, хурмæ йæ рахаста, кæттагыл æй ныттæнæг кодта, æмæ дæ хуртуан хъахъхъæныс. Фæлæ даргъкъахæй, æрттæдæлармæй бадын нæ уарзтай. Дæхи загъдау, æнцад бадынæй, дам, стæг æхсынын хуыздæр у. Рахастай де 'лвисинаг. Æлвисыс æмæ дæ хуртуан дæр хъахъхъæныс сырддонцъиутæй. Тæбын æндах уæдæртты æмвæз сси. Хатт нæ бауромы æмæ æрыскъуыйы. Æлхуыйы цæсты йæ афидар кæныс, æмæ та ногæй дæ цонг – æлвисгæ. Æрыскъуыд та. Ныр æгъгъæд у, бахснудын æй хъæуы, зæгъгæ йæ ныууагътай. Азмæстай дæ хуртуан, дæндагæй йын феныс йæ нæмыг. Никъкъæрцц кæны. Ныр хус у, зæгъгæ, кæттаджы кæрæттыл схæцыдыстæм. Æрбамбырд æй кодтам æмæ йæ голладжы сæвгæдтам.

Ныр æй куыроймæ хæссын хъæуы. Дыууæ дихы йæ фæкодтам æмæ нæ голджыты æрдджытæ не 'ккойы фæхæссæм. Бахызтыстæм куыроймæ. Фыдты змæлдæй æмызмæлд кæны куырой. Цар æмæ къултыл ссады рыгæй чырс сбадти, æртынтæ-тынтæ ис. Куыройгæсæн дæр йе 'рфгуытæ æмæ йæ рихитæ урс-урсидæй æрттивынц. Нæ разæй чи ссы, уымæн фæуд кæны йе ссинаг æмæ йæ фæлгæтæгæй (фæлгуыр) æвгæны голлагмæ. Куыройы къуту раафтид, æмæ гæркъæраг фесхъиу-фесхъиу кæны, уымæн æмæ сривæд ис, æмæ йæ хъæрæй дæр бæрæг у. Куыройгæс нын нæ зад къутуты ныккалдта. Фæлгæтæгмæ ссад митуарæгау кæнын байдыдта. Систай дзы, дæ уырзты 'хсæн æй ауyæрстай. Æгæр æй лæхуры, зæгъгæ, бакодтай, куыройгæс къæбæл фæзылдта æмæ йын йæ кæхцыл уæлдæр схæцыд. Уыдæттæ мæ цæстытыл куы ауайынц, уæд мæм ныр фырдзырд адæймаг ривад куыройы гæркъæраджы хуызæн фæкæсы, мит куы фæуары, уæд та, цыма, ссад фæлгæтæгмæ фæкæлы. Куыройгæсы хуызæн мæм фæкæсынц æрæгвæззæджы чырсбадт бæлæстæ. Æмæ ма бирæ æндæр цыдæртæ...

Гъе уый фарн у, фыдæлты фарн, нæ ахуырст. Æмæ нын уый куы ссæуа, уæд ма цы уыдзыстæм? Æнæ зарæг цъиу бæлас цæй бæлас у?!

Царв цæгъдынæй, дам, мæ цæнгтæ æрхауынц, ныр, дам, уый хъуыллау, тъылланг-тъылланг кæн, дедтæ, дам æй гæрстæхсæны ауадз, æмæ йæ гарачъи уайтагъд сгæпп кæндзæн. Фæлæ сæфтмæ дæр, æвæццæгæн, уæд цæуын райдыдтам, нæ тутайæдзаг сау къухтæ æмæ былтæ тутайæн йæ цъæхтæй куы нал æхсæм.

Раст у, цæрæнбонты фыдæлты фарнæй цæрæн нæй. Къостайы загъдау: «Дæ фыдæлтæ – рухсаг, дæхæдæг мын бæзз». Суг сугыл куы не 'вæрай, артдзæстыл фуфу куы нæ кæнай, уæд арт мынæг кæны.

Фæлæ, цыфæнды куы феста, уæддæр суадон йæ гуырæнмæ хæстæг сыгъдæгдæр у. Афтæ куы нæ уаид, уæд абон дæр хорзæн нæ мысин нæ сыхы хистæрты. Иухатт, дам, Саулохты Андройæн се скъаппы бабырыдтæн сывæллонæй æмæ уырдыгæй дынджыр гуымбыл ратылдтон. Уыдон сæхи ницыхуызон бакодтой, фæлæ мын æй мемæ рарвыстой.

Мæ мадимæ хъуг хъомлæууæнмæ куы тардтам, уæд, дам, фæстæмæ здæхгæйæ, Бабаты Аникъо (Къæбысон) нæ размæ рацыд. Удæгас карк, дам, мын мæ дæларм бакодта, уадз æмæ йын æйчытæ 'фтауа, зæгъгæ. Уымæй дæр дзырдтой «дæ фæхъау, дæ нывонд фæуон, дæ рын бахæрон»-æй. Зæрдæйæн та бирæ нæ хъæуы, иу чысыл фæцъызызытт дæр ын фаг у.

Уæдæ фидар хæцæм нæ фыдæлты фарныл, æмæ нын зæнæджы зæнæг уæнт зæнджы магъз. Фырт та йæ фыдæй хæс дары, фырт та йæ фыдæн цырт у.

Мах та арвы кæрæттыл куы фæзилæм, уæддæр нын иу хатт æнæздæхгæ нæй фæстæмæ, уымæн æмæ, нæ равзæрæн цы суадонæй уыдис, æрмæст уымæй басæтдзæн нæ дойны.

**АБАЙТЫ Эдуард**

Поэзи

**ХУЫГАТЫ Сергей**

## Алчи йæ бон куы зонид

(хъазгæмхасæнты)

***Алчи нæ йæхи зонынæн нæу,***
***Æндæра куыд æнцон уаид махæн!***
***Кæд хуыгæс дæ, уæд хуыгæс ныллæуу,***
***Кæд паддзах дæ, уæд ныллæуу паддзахæй.***

***Хосдзау дæ – фæцу, ныллæуу хæлиу***
***Уыгæрдæны, дард фæхæсс дæ цæвæг.***
***Уддзæфмæ ныббæгънæг кæн дæ риу, –***
***Афтæ кæны хосгæрсты æцæг лæг.***

***Алкæмæн йæ куыст – дзæбæх, бæрæг,***
***Уæдæ йын кæны йæ куыст бæзгæ дæр,***
***Фæлæ лæг æрдæгмæ у хæйрæг,***
***Чи зоны, æрдæгæй дæр уæзгæдæр.***

***Уымæн хæссы алцæмæ йæ ныфс –***
***'Мæ йæ цæсгом баскъæры йæ разæй.***
***Бакæс уал фыццаг дæ ныхыфыст,***
***Уым дын барст у алцыдæр ивазнæй.***

***Диссаг у! – цыфæнды куыст ын зæгъ, –***
***Стæхдзæни, æрмæст дзы фидæд бирæ.***
***Лæг лæг у, сæгъ та у 'рмæстдæр сæгъ,***
***Бирæгъ та у алы ран дæр бирæгъ.***

***Хъуамæ дын дæ бынат ма уа уæгъд,***
***Ма дзы кувай алырдæм дæ сæрæй.***
***Уый фæлтау мæгуыргурæй фæхæт***
***Алы бонджын адæмы къæсæртыл.***

***Æмæ зонæд алчи дæр йæ бон, –***
***Бон зонынæй хуыздæр ниц' и 'ппындæр.***
***Фæрс дæхи: цæуон æви лæууон?***
***Уæд цæуын дæр хуыздæр у, лæууын дæр.***

***Июль, 2026***

**Ирдигор Маки**

## Къостамæ...

**Кæддæр, ивгъуыд æнусы 70-80-æм азты, кæйдæр хивæндæй нæ сæйраг сахары астæу А.С. Пушкины номыл скверы кæрон бетоны къæйтæй арæзт быруйыл ауыгъд æрцыд рельефы хуызы къахæй-сæрмæ «фæлыстæй» Хетæджы-фырт Къостайы сурæт. Цæмæн, кæд æмæ уым йæ бынат нæй, уæд?!.**

*Къоста!.. Къоста!.. Хетæджы-фырт Къоста! –*
*Нæ Иры кад, нæ тырыса, нæ алцы!..*
*Зæххы къорийыл айхъуысти дæ ном, –*
*Дæ дзырд, дæ фыст зæрдæтæм алкæд – балцы...*

*Уыдис рæсугъд, хуыздæр цардыл дæ тох,*
*Уыдтæ мæгуыр æмбæстæгты сæрхъуызой, –*
*Нывондæн сын æрхастай суанг дæ цард,*
*Цæмæй сæ абон, сомбонтæ хуыздæр уой.*

*Æфхæрд, цæлхдуртæй никуы уыдтæ цух,*
*Дæлдзиныггонд дæ ном, дæ кад æййæфтой...*
*Уæддæр нæ мынæг кодта, нæ, дæ дзырд, –*
*Иры æппæт дзыллæ дæ алкæд хъуыстой...*

*Уыдис дын – о! – æргом знæгтæ, – куыд нæ! –*
*Нæ уагътой дæ цæрын дæхи къæсæрыл, –*
*Уыдтæ-иу хаст, æрвыст дæ Ирæй дард...*
*Уырдыгæй дæр фыстай, дзырдтай нæ сæрыл...*

*Ныр дæр дын знæгтæ ис, Къоста, – куыннæ! –*
*Æрмæст æргом нæма зæгъынц сæ ахаст, –*
*Кæнынц мæнгардæй, сусæгæй сæ куыст,*
*Сæ архайд у дæлгоммæйæ æлхынцъ баст...*

*Уæдæ куыд ис æмбарæн, куыд, зæгъ-ма, –*
*Дæ сурæт ауыгъд уа цыдæр быруйыл?! –*
*Дæуæн кæм не 'мбæлы уæвын, гъе уым –*
*Æгад, æфхæрд, дæлдзинæджы хос иууыл!..*

*Тыхсыс дæ ахæм уавæры, Къоста, –*
*Æрхæндæгæй æрвитыс ам дæ бонтæ...*
*Нæ иннæ гени – Пушкин дын зæгъид:*
*– Къоста, æмбарын дын дæ тыхст, – ды раст дæ...*

*Æз та æвзæрст бæрнон лæгтæн зæгъын:*
*– У худинаг нæ алкæмæн нæ Иры, –*
*Къоста фæсарц, фæсдуар кæмдæр лæууы, –*
*Æгады уавæры тыхса нæ цуры!..*

*Ныр ацал-ауал азы мах кæсæм*
*Æвæлмастæй кæйдæр фыдæнæн мимæ,*
*Кæд æмæ хъуамæ сæвзæра нæ фарст:*
*– Къостайы ном ам баст æрцыд цæимæ?!*

*Æмæ кæдмæ уындзыстæм мах фыдми?! –*
*Бæлвырд куыы у кæйдæр æнæраст архайд!*

**ТЪЕХТЫ Алендæ**

## Ирон цæргæс

(Иссæйы цыртдзæвæнмæ кæсгæйæ)

***Фæтæхынц та размæ сæ бæхтæ,***
***Фæтæхынц та, размæ бырсгæ.***
***Сæ разæй нæ ирон фæтæхы,***
***Хъæбатыр лæг – Плиты Иссæ.***

***Ифтыгъд фатау размæ æфсæрынц,***
***Цæргæстау сыл базыртæ ис.***
***Иссæ ма сæм иу каст фæкæны***
***Фæстæмæ. Хъæр кæны: «Фæдис!»***

***Кæцæйдæр ирон ныхас хъуысы,***
***Бæтæхъойаг дзуры лæппу.***
***Йæ сæр, йæ кой знагæн куы ысси,***
***Фæлыгъди сæ разæй – тæппуд...***



**Спортивон фидиуæг**



**Футбол**

# Бæргæ хæстæг уыди уæлахиз...

**Уæрæсейы дыккаг къорды футболон чемпионаты дивизион «Сыгъзæрин»-ы хъазæг командæтæ 1-2 августы акодтой 3-æм туры фембæлдтытæ. Дзæуджыхъæуы ФК «Алани» Грознайы, Султан Билимхановы номыл стадионы фембæлд Астрæхæны командæ «Волгарь»-имæ.**



«Алани»-йы рæнхъыты уыцы бон фæзмæ рацыдысты: №1 – Биазырты Давид, №19 – Бутаты Аллон – (69' – Рæмонты Зауырбег), №75 – Огъуаты Сæрмæт, №2 – Гиоты Алан, №4 – Хъæцмæзты Сослан (73' – Артур Кусков), №8 – Хуыгаты Алан, №9 – Артем Закиров (69' – Анзор Амиралиев), 23 – Виктор Нафиков, №76 – Кæркуысты Георги (56' – Кодзырты Артур), Иван Матюшенко, №99 – Махач Абдулхамидов (56' – Гуырцъыты Батрадз).

Кæд тынг æнтæф бон уыди, уæддæр дыууæ командæйы хъазджытæ равдыстой хорз фæразондзинад æмæ хъазты райдайæнæй кæронмæ тырныдтой рамбулынмæ. Уымæ алайнæгтæ уыдысты зынгæ хæстæгдæр, фæлæ цы къорд ныббырстытæ сарæзтой, уыдоны сын нæ фаг кодта, амæй размæ Брянскы цы рæстдзæвиндзинад равдыстой, уый.

«Алани»-йы ныббырстытæй иуы – 80' минутыл хорз фæцарæхст Рæмонты Зауырбег, æмæ йæ дæсны цæфæй пурти батахт «Волгарь»-ы дуары. «Алани» размæ рацыд 1:0-æй, æмæ ма хъазты кæронмæ цы рæстæг баззад, уым дæр тырнидта хыгъд фæфылдæр кæнынмæ. Уымæ бæргæ хæстæг уыдысты дыууæ хатты, фæлæ сын пурти дыккаг хатт нал бакуымдта «Волгарь»-ы дуары хызыл сæмбæлын. Уый нæ, фæлæ ма тæрхонгæнæг хъазты рæстæгмæ уæлæмхасæн цы 4 минуты бафтыдта, уыдонæй фæстаг минуты уазджыты æвиппайды ныббырст æнæнхъæлæджы 'рхаста дзуаппон гол, æмæ фембæлд ахицæн хæрæгсас-тæй 1:1 хыгъдæй.

Нæ футболистты азымджын кæнынмæ æвзаг нæ тасы, фæлæ ахæм фембæлдтыты уæлахиз сæ къухæй цæмæй мауал ауадзой, ууыл дæр бакусын хъæуы.

Кæй зæгъын æй хъæуы, хардзау кæсы, нæ футболисттæ 3 очкойы бæсты 1-имæ кæй фесты ацы фембæлд, уый, фæлæ сæ архайд фидардæр кæй кæндзæн, уый уырны сæ иузæрдион фарсхæцджыты.

ФК «Алани» йæ иннæ радон фембæлд акæндзæн 8 августы уазæгуаты Саратовы командæ «Сокол»-имæ.

| Командæтæ | Хъ | Р | Æ | Х | П | О |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. Родина-2 | 3 | 2 | 1 | 0 | 5-2 | 7 |
| 2. Динамо Кр | 3 | 2 | 1 | 0 | 2-0 | 7 |
| 3. Сибирь | 3 | 2 | 0 | 1 | 4-4 | 6 |
| 4. Машук-КМВ | 3 | 1 | 2 | 0 | 3-2 | 5 |
| **5. Алани** | **3** | **1** | **1** | **1** | **6-3** | **4** |
| 6. Динамо-Брянск | 3 | 1 | 1 | 1 | 2-5 | 4 |
| 7. Сокол (Саратов) | 3 | 0 | 2 | 1 | 2-3 | 2 |
| 8. Волгарь | 3 | 0 | 2 | 1 | 2-3 | 3 |
| 9. Динамо-Владивосток | 3 | 0 | 1 | 2 | 2-4 | 1 |
| 10. Калуга | 3 | 0 | 1 | 2 | 1-3 | 1 |

**Хъæбысхæст**

# Æнæ сыгъзæринæй

**Уæгъдибар хъæбысхæстæй Уæрæсейы чемпионат ивгъуыд къуырийы фæстаг æртæ боны дæргъы цыд Мæскуыйы облæсты, горæт Сколковойы.**

Куыд алы хатт, афтæ та ныр дæр чемпионаты бæрæггонд цыдысты, ацы азы дунеон чемпионаты Уæрæсейы номæй чи хæцдзæн, уыцы богæлттæ.

Ерысты хæцыдысты 400 богалæй фылдæр. Уыдоны 'хсæн уыдысты ирыстойнаг тренерты дыууиссæдз хъомылгæнинаджы. Ирыстоны спортуарзджытæ сæ зæрдæ дардтой, нæ богæлттæ чемпионаты уæлахиздзауты 'хсæн кæй уыдзысты æмæ сæ дунеон чемпионаты хæцгæйæ дæр кæй фендзыстæм, ууыл.

Хардзау кæсы, ацы хатт Уæрæсейы чемпионы ном чи рамбылдта, уыдоны 'хсæн нæ лæппутæ кæй не сты, уый. Бæргæ хæстæг уыдысты нæ богæлттæ цыппарæй 1-аг бынат рамбулынмæ, фæлæ ацы хатт аргъæутты кæлæнгæнджыты æлгъыстау, сæ цыппар дæр æрлæууыдысты 2-аг бынæтты.

Ирыстоны спортуарзджыты уырнылта, нæ кадджын богæлттæ Сидахъаты Зауырбег, Найфонты Артур, Хуыгаты Алан æмæ, сæ фарсмæ уæвæг сæрæн лæппутæй чидæртæ сæ фарсхæцджыты зæрдæтæ кæй барухс кæндзысты æмæ нæм чемпионаты алыхуызы хæрзиуджытæ фаг кæй уыдзæн, уый.

Нымæцæй ирон богæлтты хæрзиуджытæ рауадысты 10. Уыдонæй 4 сты æвзист, 6 та бронзæ майдантæ. Нæ лæппутæй 1-аг бынатмæ схизын кæй никæмæн бантыст, уый у хъуыдыйаг. Бронзæ майдантæй хорзæхджын систы: 57 кг – Тунджай Вердиев, 61 кг – Тауыттаты Чермен, 65 кг – Хæдарцаты Алик, 86 кг – Чертхъоты Руслан, 92 кг – Уалыты Владислав, 125 кг – Биазырты Георги. Фыццаг бынат бацахсынгыл кæройнаг фембæлдтæм рацæуыны размæ 4-5-гай ныхмæлæуджытыл фæуæлахиз сты: 74 кг – Сидахъаты Зауырбег, 86 кг – Найфонты Артур, 92 кг – Хæдзарæгаты Азæмæт, 125 кг – Хуыгаты Алан. Уый нымад у хорз æнтыстдзинадыл, фæлæ уæддæр 1-аг бынат рамбулын кæдфæнды дæр уыди æппæты стырдæр бæллиц. Цæмæдæр гæсгæ ацы хатт нæ богæлттæй иуæн дæр нæ бантыст нæ бæстæйы чемпион суæвын. Уымæн йæ аххосæгтæ кæцæй цæуынц, уый æнæмæнг у сбæрæггæнæны аккаг. Спорты, уæлдайдæр та хъæбысхæсты, вæййы йæхи æвиппайды фæзынæг аххосæгтæ, æмæ уымæй хызт ничи у. Мах нæ лæппутæй уæддæр хъуамæ уæм бузныг, æмткæй райсгæйæ, нæ командæ Дагестаны фæстæ 2-аг бынаты кæй ис, уый тыххæй.

Уæрæсейы чемпионаты Дагестаны богæлттæ цы сгуыхтдзинæдтæ равдыстой, уый диссагæн баззайдзæн уæгъдибар хъæбысхæсты азфысты. – Ерыстæ цы дæс уæзы цыдысты, уым 1-аг бынæттæ рамбылдтой фараст уæзы. Уымæй уæлдай, цыппар уæзы рамбылдтой æвзист майдантæ æмæ æхсæз хатты та рацыдысты 3-аг бынæттæм.

Уæрæсейы чемпионтæ систы: 57 кг – Абубакар Муталиев (Даг.), 61 кг – Заур Угуев (Даг.), 65 кг – Абасгаджи Магомедов (Даг.), 70 кг – Ибрагим Ибрагимов (Даг.), 74 кг – Иналбек Шериев (КБР), 79 кг – Исмаил Ханиев (Даг.), 86 кг – Ибрагим Кадиев (Даг.), 92 кг – Аманула Гаджимагомедов (Даг.), 97 кг – Магомед Курбанов (Даг.), 125 кг – Абдулла Курбанов (Даг.).

Ныр нæ бацархайын хъæудзæн, дыууæ азы фæстæ (2028 азы) чи цæудзæн, уыцы Олимпиаг хъæзтытæм балцæгтæ рамбулынил. Уый домы бындурон куыст нæ богæлттæ æмæ сæ тренертæй.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

# Фыдæнхъæл нæ фесты

**Цыколайы æнæниздзинад фидаргæнæн спортивон комплексы, республикæйы цæрджыты чи æрбангом кодта, Æппæтуæрæсеон марафон «Спорты зæхх»-ы уыцы регионалон къæпхæн арæзт æрцыд. Архайдтой дзы регионы муниципалон скондтæй 300 адæймагæй фылдæр – активон царды уаг чи уарзы, ахæмтæ.**




Бæрæгбоны кадджын уазæг, йæ байгомгæнæг æмæ хæрзиуджытæ раттæг уыд Æрæфы районы хæстæ æххæстгæнæг Махъоты Сослан. Егъау спортивон бæрæгбон равдыста цæттæдзинады бæрзонд æмвæзад æмæ командон иудзинад. Марафоны программæйы уыдысты ахæм дисциплинæтæ: ГТО-мæ хаст спорты хуызтæ; тыхы экстримы ерыстæ; бинонты эстафетæ; волейбол; мини-футбол.

Уыцы бон спортивон комплексмæ чи 'рбацыд ерыстæм бакæсынмæ, уыдон фыдæнхъæл нæ фесты, спорты алы хуызы дæр фенæн уыд карз тох фыццаг бынатмæ рацæуынил, командæты иузæрдиондзинад. Уыцы тохы уæлахиздзаутæ систы ГТО-йы – Кæркуысты Георги Горæтгæрон районæй – нæлгоймæгты 'хсæн, Хъойбайты Алинæ Дыгуры районæй – сылгоймæгты 'хсæн;

тыхы экстримы: Хъайтыхъты Ацæмæз, Къадзты Зитæ – сæ дыууæ дæр – Алагиры районæй;

бинонты эстафетæйы: Хъыргъаты бинонтæ Горæтгæрон районæй (Хъыргъаты Руслан, Майрæмыхъуаты Каринæ, Хъыргъаты Сослан);

волейболы – Дыгуры район;

мини-футболы – Алагиры район.

Уæлахиздзаутæ æмæ призон бынæттæ бацахсджытæн лæвæрд æрцыдысты дипломтæ, майдантæ æмæ зынаргъ лæвæрттæ.

Районы сæргълæууæджы хæстæ æххæстгæнæг Махъоты Сослан зæрдиаг арфæ ракодта æппæт архайджытæн дæр, стæй тæрхонгæнджытæ æмæ спортивон бæрæгбон саразджытæн.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

**Æхсызгон цау**

# Цыртдзæвæн-бюст – Дудараты Вероникæйæн

**Знон Мæскуыйы Петр Чайковскийы стыр концертон залы фойейы кадджын уавæры байгом кодтой номдзыд дирижер, не 'мбæстон, Советон Цæдисы адæмон артисткæ, Михаил Глинка æмæ Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премиты лауреат Дудараты Вероникæйы цыртдзæвæн-бюст. Йæ автор – зындгонд скульптор СОСКЪИТЫ Владимир.**



Кадджын æмбырды архайдтой æмæ зындгонд дирижеры цард æмæ бирæвæрсыг музыкалон курдиат æмæ сфæлдыстады тыххæй сæ зæрдæбын хъуыдытæ æмæ мысинæгтæ радзырдтой Стыр æмæ Мариинаг театрты аивадон разамонæг, номдзыд дирижер Гергиты Валери, РЦИ-Аланийы раздæры президент, зындгонд политик æмæ æхсæнадон архайæг Дзасохты Алыксандр, Хуссар Ирыстоны æххæстбарджын минæвар Уæрæсейы Федерацийы Гаситы Знауыр, Мæскуыйы Петр Чайковскийы номыл паддзахадон консерваторийы ректор Александр Соколов, зындгонд музыканттæ, Мæскуыйы цæрæг ирæтты æхсæнады разамынд æмæ уæнгтæ, Уæрæсейы Президенты цур нæ республикæйы минæварады бæрнон кусджытæ, Дудараты Вероникæйы хиуæттæ æмæ хæстæджытæ, аивадуарзджытæ.

Мæскуыйы Петр Чайковскийы номыл паддзахадон концертон залы фойейы амæй фæстæмæ, нæ бæстæйы номдзыд музыканттæ, дирижертæ æмæ композитортæ Яков Флиер, Лев Оборин, Мстислав Ростропович, Арам Хачатурян, Георгий Свиридов, Евгений Светланов, Геннадий Рождественский æмæ Александр Малик-Пашаевы цыртдзæвæн-бюстыты фарсмæ лæудзæн нæ номдзыд æмбæстон, курдиатджын дирижер, Мæскуыйы паддзахадон филармони æмæ Паддзахадон симфонион оркестрты раздæры аивадон разамонæг Дудараты Вероникæйы цыртдзæвæн-бюст дæр. Æхсызгонæй ма баффиппайдзыстæм, ацы аз, декабры, йæ райгуырдыл кæй æххæст кæны 110 азы.

**ГАСАНТЫ Валери**

**Цардæй ист ныв**

# Йæ хъул сах абадт...

**Абон та абалц кодтон Тылаттаты хъæумæ нæ хиуæттæм. Мæ разæй бадынц дыууæ æрыгон чындзы, æмæ сæм лæмбынæг хъусын, уæдæ цы бачындæуа.**

**Уыдон цин кæнынц зæрдиагæй кæрæдзийыл, кæдæй-уæдæй, дам, ма амбæлыдыстæм. Сæ иу дзуры:**

**– Дæ цæсгомыл бæрæг у, дæ цардæй разы кæй дæ, уый, Дыгыда.**

**Уый дын фемæхст, зæгъыс, гыццыл фæцагайынмæ æнхъæлмæ каст, æвæццæгæн.**

**– Мæныл хорз бонтæ кæны, уымæн æмæ мæ хъул сах абадт. Мæ зæронд сау бирæгъы баныгæдтон, хорз мыл æрцыд. Мæ уæззау уаргъ ме 'рагъæй ахауд. Æз хъуамæ заргæ æмæ кафгæ кæнон.**

**– Цæй амонд ахастай дæ цæгатæй! Мæнæн та, бон нæма 'рбацъæх вæййы, афтæ райдайы,**



**уæлæмæ сыстын афон, дам, нæма у, кæрты куыстытæ кæнын хъæуы, уый нæ зоныс? Æз дæр рабадын, уæдæ цы фæуон. Сывæллоны йæм куы фæдæттын, уæд мын æфсæнттæ скæны, мæ цæнгтæ, дам, рисгæ кæнынц, мæнæн дæр, дам, сæ ме 'фсин хаста?**

**– Симды куы бацæуай, уæд дзы симын хъæуы. Тыхсгæ ма кæн, Дзек, тагъд дæуæн дæр дæ тæрхон фæуыдзæн, æмæ дæ бирæгъæй фервæздзынæ.**

**– Дыгыда, дæ ныхæстæ Хуыцаумæ фехъуысæнт.**

**Цалынмæ ныххæццæ стæм, уæдмæ се 'фсæртæ кæрæдзийыл не 'рæвæрдтой, сæ сæйраг хъуыды уыдис, чызджытæй, дам, мой чи кæны, уый, æфсин кæм ис, уырдæм ма цæуæд. Мæ дзыхыл ныххæцыдтæн, зæгъын, ма мæ нæмгæ дæр фæкæндзысты, æндæра сæ фæрсынмæ хъавыдтæн, уæхæдæг исгæд æфсины бынатмæ не схæццæ уыдзыстут, зæгъгæ. Ахæм зондыл хæст сылгоймæгтæ сæ цоты та хъуамæ цæуыл сахуыр кæной?**

**ТУАТЫ Заремæ**


**РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ**

**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

**Профессиональная обрезка плодовых культур.**
**Научно обоснованные консультации по подкормке растений конским перегноем.**
**Тел.:**
**8-928-856-90-89;**
**8-928-856-90-83 (Руслан).**




**Цыппæрæм хатт мыхуыры рацыд Цгъойты Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ». Адæм та йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Балхæнæн æй ис Мыхуыры хæдзары дыккæгæм уæладзыджы, йæ аргъ – 500 сомы. Бадзурæн ис Тая Доронинамæ ахæм телефонтæй: 8-928-483-46-51; 25-92-72.**

**Металлоизделия:**
**ворота, двери,**
**навесы из лексана,**
**металлоконструкции любой сложности.**
**Тел.:**
**8-928-928-88-24.**



**Услуги электрика**
**Оказываю услуги электрика качественно, надежно.**
**Все виды работ с гарантией.**
**Выезд и консультация бесплатно.**
**Тел.: 8-918-702-00-82 (Казбек).**

**Обслуживание колонок и котлов.**
**Тел.: 8-961-821-90-88.**



Номыры радхæссæг редактор — **Дедегкаты Зæлинæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацийы комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор **ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) **– 25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-93-68, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ авторта.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2408. Заказ № 831. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**